# TITLE 1 LEKÒL-PARAN KONTRA ANE ESKOLÈ 24-25

## Lekòl ak Paran yo ap travay ansanm, men nan men, pou siksè edikasyon ____________ dakò pou:

*Non timoun nan*

| ____________ LEKÒL PRAL: | PARAN/GADYEN PRAL: |
|---|---|
| • Fè yon Reyinyon Anyèl Paran sou Benefis Pwogram Title I Schoolwide (tout Lekòl la) pou enfòme paran ak fanmi elèv ki nan Pwogram Title I ki dwa yo genyen pou yo patisipe.<br>• Ofri reyinyon nan lè ki fleksib, bay aksè, akomodasyon ak sèvis tradiksyon pou paran yo, si yo bezwen.<br>• Enplike paran yo aktivman nan planifikasyon, revizyon, ak amelyorasyon Pwogram Title I nan ak "School-level Parent and Family Engagement Plan (PFEP)" (Plan Angajman Paran ak Fanmi yo nan Nivo Lekòl la).<br>• **Bay yon kourikoulòm de kalite siperyè ak yon ansèyman nan yon anviwònman aprantisaj efikas ki pèmèt timoun k ap patisipe yo satisfè nòm ofisyèl reyisit akademik elèv yo nan Eta a.** Y ap bay yon kourikoulòm kalite siperyè ak enstriksyon an nan jan sa a: ____________<br>• **Òganize konferans paran-pwofesè, omwen chak ane, kote kontra sa a pral diskite etandone li gen rapò ak reyisit endividyèl elèv timoun nan (Klas K-5 sèlman).** Yon deskripsyon sou ki jan ak ki lè konferans yo ka fèt: ____________<br>• **Bay paran yo rapò souvan sou pwogrè pitit yo ak enfòmasyon sou disponiblite sèvis leson patikilye ak asistans devwa atravè pwogram, tankou Pop N' Prep On-Demand Teacher Help.** Lekòl la ap bay rapò yo jan sa a: [Dat (yo) ak lè (yo)]: ____________<br>• **Bay paran yo aksè rezonab ak anplwaye yo.** Anplwaye yo dwe disponib pou kominike ak paran yo jan sa a: ____________<br>• **Bay paran yo opòtinite pou yo fè volontè, patisipe ak obsève aktivite salklas pitit yo.** Yon deskripsyon sou ki kalite opòtinite yo bay paran yo ka fèt nan jan sa a: ____________ | **Dekri fason paran yo ak fanmi elèv yo nan ____________ pral sipòte aprantisaj pitit yo, tankou:**<br>• Kontwole prezans timoun nan lekòl, aprantisaj lakay li, ak gade televizyon.<br>• Vin patisipe nan devlope, mete ann aplikasyon, evalye, ak revize nivo 'PFEP nan lekòl la.<br>• Ankouraje itilizasyon aktivite pozitif nan tan lib timoun nan.<br>• Pataje responsablite ak lekòl la pou amelyore siksè akademik timoun nan<br>• Kominike avèk pwofesè timoun nan sou pwogrè edikasyon li ak bezwen li yo.<br>• Patisipe, lè li apwopriye, nan desizyon ki gen rapò ak edikasyon timoun nan.<br>• Rete enfòme sou edikasyon timoun nan, li epi reponn tout nòt lekòl la oswa Distri lekòl la.<br>• Fè volontè nan lekòl la.<br>• Sèvi nan gwoup konsiltatif tankou vin yon reprezantan Title I lekòl ak paran nan youn oswa plizyè komite, konsèy konsiltatif, elatriye.<br>• Bay lekòl la enfòmasyon ki resan sou kontak paran/gadyen ak enfòmasyon sou transpòtasyon elèv la.<br>____________ |
| | |

**REMAK: Pati nan lèt fonse yo mande plis enfòmasyon.**
Tanpri sonje lekòl yo, an kolaborasyon ak paran/fanmi ak elèv, yo ankouraje pou yo adisyone lòt aktivite ak aksyon apwopriye ki gen rapò ak bezwen espesifik lekòl yo, k ap sipòte angajman paran ak fanmi yo pou ranfòse siksè akademik elèv yo. Asire w ke tout zòn nan kontra a yo konplè.